



Office for People With
Developmental Disabilities

Planifikasyon Tranzisyon: soti nan lekòl rive nan laj adilt Ki sa ki planifikasyon tranzisyon an e poukisa li enpòtan?

Tout elèv mande tèt yo: “Kisa m pral fè ak lavi m apre lekòl?”. Lekòl yo itilize pwosesis planifikasyon tranzisyon an pou ede elèv ki gen andikap ak fanmi yo planifye pou lavi apre lekòl segondè. Anpil sipò ak sèvis Medicaid ki finanse disponib pou jèn adilt ki gen andikap devlopmantral apre lekòl segondè. Elèv ak fanmi yo ta dwe aplike pou sipò sa yo ak Medicaid, si yo elijib, nan kad planifikasyon tranzisyon an. Elèv ki gen andikap yo ka resevwa sèvis lekòl jiska fen ane eskolè yo lè yo gen 21 lane, oswa jiskaske yo jwenn yon diplòm Regents (Rejan) oswa lokal. Sepandan, chak elèv dwe gen yon plan tranzisyon anvan laj 15 lane oswa pi bonè (8 NYCRR 200.4(d)(2)(ix)) pou asire sèvis yo ap disponib lè yo bezwen yo.

Ki moun ki ka ede planifye tranzisyon an?

Moun ki pral ede w aprann sou chwa w yo gen ladan konseye pedagojik lekòl segondè w yo, pwofesè yo, lòt anplwaye lekòl la, fanmi, ak zanmi yo. Yon sèk sipò solid ka ede ak pwosesis planifikasyon tranzisyon an.

Ki sa ki yon sèk sipò ?

Se yon gwoup moun ou te chwazi ak pwòp volonte w e ki ede w reflechi sou enterè w ak objektif ou, pou w fòme yo e pou w atenn yo.

- Lè w kenbe enterè w yo ak objektif ou yo nan tèt ou, sèk sipò w la ap ede w fè chwa ak pran desizyon k ap ede w pran kontwòl lavi w.
- Ou chwazi manm sèk sipò ou yo. Men kèk egzanp moun ou ka chwazi:
 - Manm fanmi, zanmi, vwazen, ak lòt moun nan kominote w la
 - Anplwaye lekòl la ki gen ladan pwofesè w yo, konseye lekòl ou yo, espesyalis tranzisyon yo, ak anplwaye sipò yo tankou òtofonis, terapè okipasyonèl oswa fizik, travayè sosyal, sikològ, founisè sante mantal
 - Jesyonè swen yo
 - Lòt founisè sèvis, ki gen ladan anplwaye ki soti nan:
 - Sèvis Oryantasyon Pwofesyonèl ak Edikasyon Kontinyèl pou Adilt – Reyabilitasyon Pwofesyonèl (ACCES-VR)
 - Komisyon pou Avèg (NYSCB)
 - Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral (OPWDD)
 - Biwo Sante Mantal (OMH)

Pwosesis planifikasyon tranzisyon an ka ede w deside kisa w vle fè apre w fini etid ou. Ou ka enterese nan:

- Ale nan inivèsite oswa nan yon lekòl pwofesyonèl oswa teknik
- Travay nan yon biznis kominotè
- Kreye pwòp biznis ou
- Fè benevola nan kominote w la
- Patisipe nan atizay kreyatif, mizik, oswa dans

Ki jan OPWDD ka ede?

Misyon nou se ede moun ki gen andikap devlopmantral mennen yon vi ki pi rich. Nou pral ede w viv nan fason ki pi endepandan posib epi fè pati kominote w la. Nou ap presye kapasite ak talan ou genyen pou kontribye, ak dwa ou genyen pou fè chwa sou lavi ou. Nou ofri sipò ak resous ki ede w:

- Jwi relasyon ki enpòtan
- Fè eksperyans sante ak kwasans pèsònèl
- Viv nan kay ou chwazi a
- Patisipe totalman nan kominote w yo

Pou plis enfòmasyon, rele liy enfòmasyon OPWDD a nan: 866-946-9733 oswa voye yon imèl: student.transition@opwdd.ny.gov

Pou moun ki pa tande byen, sèvi ak Sistèm Relè 711 NY la.

Si w poko benefisye sèvis OPWDD yo, w ap oblije pase nan pwosedi Front Door a.

Front Door OPWDD a:

Anplwaye Front Door OPWDD yo pral pale avèk ou sou sèvis OPWDD yo ak pwosesis Front Door a, epi l ap refere w bay yon Òganizasyon Kowòdinasyon Swen (CCO) kote w ap travay avèk yon jesyonè swen. Jesyonè Swen an ap ede ou menm ak sèk sipò ou a evalue enterè ak bezwen w yo epi elabore yon Plan Lavi (plan pou sèvis). Plan Lavi w la pral dekri fòs ak kapasite w epi defini objektif ou ak bezwen sipò ou. Sèvis nou yo gen ladan yo sipò pou ede w:

- Devlope konpetans pwofesyonèl epi jwenn travay nan kominote a,
- Devlope ak amelyore konpetans pou lavi chak jou,
- Vin pi aktif nan kominote w la, epi
- Vin pi endepandan.

Èd pou Chèche Travay

ACCES-VR ka travay avèk ou pou eksplòre opòtinite travay epi ede w devlope konpetans pwofesyonèl. Anjeneral, elèv yo kòmanse travay ak ACCES-VR dezan anvan yo kite lekòl. Pou plis enfòmasyon, vizite www.acces.nysed.gov/vr, oswa rele 1-800-222-JOBS (5627).

Konsèy pou paran yo ak elèv yo

- Kòmanse bonè; li pa janm twò bonè pou eksplòre posiblite yo
- Poze kesyon; chèche konnen ki opsyon ki egziste nan kominote w la ak kijan pou w aplike pou yo
- Aprann sou pwosesis elijibilite pou jwenn sèvis yo. Chèche konnen ki dokiman ou bezwen bay pou gen èd ki pare lè sa nesèsè



**Office for People With
Developmental Disabilities**

Vizite sitwèb nou an nan www.opwdd.ny.gov oswa kontakte liy enfòmasyon OPWDD a nan **(866) 946-9733**.

Moun ki gen pwoblèm pou tande yo itilize Sistèm Relè **7-1-1** NY la